



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 90 MILYON DOLA POU RANPLASE LIY SÈVIS PLON AK PWOTEJE DLO POTAB ATRAVÈ NEW YORK

*Sipòte sante piblik ak enfrastrikti dlo nan kominote ki istorikman defavorize yo nan tout Eta*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prèske 90 milyon dola nan sibvansyon Eta yo te bay kominote yo atravè Eta New York pou amelyore enfrastrikti dlo potab yo lè yo idantifye ak ranplase liy sèvis plon yo. Finansman sa a demontre angajman kontinyèl Eta a pou pwoteje sante piblik ak dlo potab pou Nouyòkè yo.

"Nan sa ki gen pou wè ak enfrastrikti dlo New York la, n ap retire plon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se premye priyorite mwen – epi lè nou bay kominote yo sipò ki nesèsè pou ranplase liy sèvis plon yo, n ap ede pwoteje dlo potab piblik pou anpil jenerasyon k ap vini yo."

Plon se danjere pou sante moun epi li ka antre nan dlo potab lè materyèl plonbri ki gen plon kowode, sitou kote dlo a gen asidite segondè oswa kontni mineral ki ba ki kowode tiyo ak enstalasyon. Sous plon ki pi komen nan dlo pou bwè yo se tiyo, wobinè, ak enstalasyonan an plon yo. Nan kay ki gen tiyo plon ki konekte kay la ak tiyo dlo a, ke yo rele tou liy sèvis plon, tiyo sa yo se tipikman sous ki pi enpòtan an tèm plon nan dlo a. Tiyo plon gen plis chans pou yo jwenn yo nan vil ki pi aje yo ak kay ki te bati anvan 1986.

Finansman Eta yo akòde jodi a pral itilize pa minisipalite yo pou ede kouvri depans pwojè ranplasman liy sèvis plon ki te resevwa finansman atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) federal la men ki pa t kouvri totalman ak sibvansyon BIL yo. Finansman sa a vin anplis finansman ki deja atribye nan BIL ak pwogram sibvansyon Enfrastrikti Dlo Eta a. Mouvman san parèy sa a retire presyon fiskal la sou do kominote yo, sa ki pèmèt yo ranplase plis liy sèvis plon san yo pa fè depans adisyonèl. Apwòch konplè Eta a kontinye bay kominote yo resous yo bezwen pou amelyore enfrastrikti dlo yo.

Finansman Eta yo akòde jodi a vize tou espesyalman pou kominote ki istorikman defavorize yo. Prim yo priyorize kominote ki satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo:

- Revni mwayen fanmi kominote a mwens pase 80 pousan revni mwayen fanmi ki ajiste rejyonalman nan tout eta a
- To povrete lokal kominote la pi wo pase to povrete nan tout eta a
- Omwen 50 pousan nan pwojè liy sèvis prensipal kominote a sèvi yon kominote jistis anviwònmantal

**Ou ka jwenn yon lis kominote k ap resevwa prim sa yo anba a:**

- Vil New York (Bronx, Brooklyn ak Queens), 28,000,000 dola
- Vil Rochester - 28,000,000 dola
- Vil Syracuse - 12,756,047 dola
- Vilaj Herkimer, 3,962,616 dola
- Vil Albany - 3,859,328 dola
- Vil Troy - 3,846,900 dola
- Gloversville Water Works, 2,310,445 dola
- Vilaj Ilion, 1,221,477 dola
- Vilaj Ogdensburg, 688,300 dola
- Village Bath - 468,300 dola
- Vilaj Catskill - 106,545 dola

Anplis de sa, Depatman Sante Eta New York ap itilize 1 milyon dola nan fon BIL pou bay asistans teknik ak enjenyeri pou idantifikasyon liy sèvis plon nan 10 kominote. Eta a te fè kontra avèk konpayi jeni pou bay asistans tankou planifikasyon envantè, revizyon dosye, sansibilizasyon piblik ak lòt sipò. Kominote k ap resevwa asistans sa a genyen ladan yo:

- Clayton
- Diana
- Lake Luzerne
- New Berlin
- Sackets Harbor
- Kinderhook
- Millerton
- New Paltz
- Ravena
- Rutland

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Finansman eta adisyonèl sa a reprezante angajman kontinyèl Gouvènè Hochul ak Depatman Sante Eta New York pou pwoteje dlo potab tout Nouyòkè yo lè yo elimine tiyo plon nan liy livrezon dlo yo. Aksè ak dlo pwòp ak ki san danje fondamantal pou yon bon sante, epi New York pran angajman pou elimine diferans nan sante nan finansman sible pou kominote ki defavorize yo pou nou tout ka jwenn menm dwa sa a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Retire plon nan rezèv dlo potab nou an se yon priyorite pou Eta New York. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, EFC ak patnè nou yo nan gouvènman federal, eta ak lokal yo ap travay pou asire ke kominote atravè New York

resevwa sipò yo bezwen pou antreprann pwojè ranplasman sèvis plon enpòtan yo san yo pa twò chaje kontribiyab lokal yo."

Pwogram Ranplasman Liy Sèvis Plon Eta New York la te investi 30 milyon dola pou idantifye ak ranplase liy sèvis an plon yo atravè Eta a. Jiska prezan, 22 milyon dola yo te depanse atravè pwogram nan pou ranplase 3,439 liy sèvis an plon nan New York.

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

Eta New York kontinye ogmante envestisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2025 Gouvènè Hochul te anonse a, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite envestisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou pi piti kominote epi ki defavorize yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote rural yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

Finansman sa a se anplis lòt gwo envestisman nan kalite dlo, ki gen ladan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 4.2 milya dola elektè yo apwouve ki ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York, enkli 309 milyon ke yo mete disponib pou kominote defavorize yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

### **Konsènan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral ak Finansman Ranplasman Liy Sèvis Plon**

[Lwa sou Enfrastrikti Bilateral](#) Prezidan Biden lan investi yon 15 milya dola istorik nan tout peyi a pou idantifye ak ranplase liy sèvis plon yo. Lalwa mande pou yo bay 49 pousan fon DWSRF LSLR yo kòm sibvansyon oswa padon prè pou kominote defavorize yo, yon envestisman enpòtan pou kominote yo pa te investi ase nan yo pandan twò lontan. EPA prevwa yon total nasyonal 9 milyon liy sèvis plon atravè peyi a, ki baze sou done yo kolekte nan Sondaj ak Evalyasyon sou Bezwen Enfrastrikti Dlo Potab ki ajou. Yo pral bay finansman an espesyalman pou idantifikasyon ak ranplasman liy sèvis plon epi li pral ede New York finanse pwojè pou retire tiyo plon epi redwi ekspozisyon ak plon nan dlo potab. Pou asire ke yo itilize finansman pou aktivite ki gen

rapò ak liy sèvis plon nan eta ki gen plis bezwen yo, alokasyon LSLR yo baze sou bezwen – sa vle di eta ki gen plis liy sèvis plon ki prevwa resevwa yon fason pwopòsyonèl plis finansman LSLR.

**Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare,** "Chak Nouyòkè merite dlo san plon lè yo ouvri tiyo yo epi gwo enjeksyon finansman sa a nan New York ap ranfòse travay pou ranplase liy sèvis plon yo epi fè dlo potab vin pi an sekirite atravè eta a. EPA ak New York ap fè investisman istorik ki amelyore anpil gras ak finansman san parèy atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la. Finansman sa a pi byen ekipe kominote yo pou ranplase tiyo plon pou pwoteje timoun nou yo epi asire sante piblik la."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Mwen te mennen bak la nan kad Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral la pou bay finansman an pou retire plon an, paske pa gen okenn kantite ekspozisyon plon toksik ki an sekirite pou timoun nou yo. Kounye a, prèske 90 milyon konsakre pou idantifye ak ranplase tiyo plon ki kapab toksik atravè eta a, soti nan Rochester rive Syracuse. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase kenbe dlo potab New York san danje pou timoun ak fanmi nou yo. Mwen pral kontinye goumen pou elimine tiyo plon nan New York."

**Reprezantant Nydia M. Velázquez, te deklare,** "Chak Nouyòkè, kèlkeswa kòd postal yo, ta dwe gen aksè ak dlo pwòp ki san danje. Mèsi Gouvènè Hochul pou investisman enpòtan sa a nan idantifye ak ranplase plis tiyo dlo plon, ki pral ede pwoteje kominote nou yo."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Syans di nou pa gen okenn nivo ekspozisyon plon ki pa gen danje, epoutan plizyè milyon liy sèvis plon rete ap fonksyone, sa ki pote dlo potab kontamine bay fanmi yo. Erezman, Kongrè a te pran mezi solid dapre Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la pou revize sistèm dlo potab nou yo epi ranplase liy sèvis plon atravè eta nou an ak nasyon nou an. Mwen fyè de efò nou fè pou fè lwa ki pote transfòmasyon sa a pase, epi mwen kontan wè plis pase 8 milyon dola plis investisman ke yo pral bay nan Rejyon Kapital nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye priyorize efò Eta a priyorite pou retire plon nan sistèm dlo nou yo. Alavni, mwen rete angaje pou reyalize misyon nou pou asire ke chak Nouyòkè konnen dlo ki soti nan tiyo yo pwòp epi yo an sekirite."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Tout moun merite lapè nan lespri yo pou yo konnen dlo yo an sekirite pou bwè epi yo pa gen plon ak lòt polyan danjere yo. Mwen fyè dèske mwen te ede bay finansman sa a atravè *Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la*, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou l investi nan pwòje ki amelyore sistèm dlo nou yo epi kenbe fanmi yo an sekirite. Mwen espere bati sou investisman 28 milyon dola sa a epi pran aksyon nan Kongrè a pou pwoteje aksè ak dlo pwòp epi pwoteje anviwònman nou an pou dè deseni k ap vini yo."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Mwen sipòte ak tout kè mwen angajman Gouvènè Hochul pran pou amelyore enfrastrikti dlo eta nou an nan abòde prezans danjere nan plon nan sistèm dlo potab nou yo. 28 milyon dola yo deziyen pou Vil New

York ki gen ladan Bronx, pral gen yon gwo enpak sou pwoteje sante ak byennèt rezidan nou yo, espesyalman nan kominote yo ki te neglije pandan twò lontan. Sa a plis pase jis tiyo - li gen pou wè tou ak asire jistis anviwòmantal, diminye disparite sante, ak investi nan avni katye nou yo. Dlo pwòp se yon dwa, se pa yon privilèj."

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare,** "Avèk èd Eta New York, Syracuse ap konplete ranplasman sèvis dlo plon nan yon vitès agresif. Nou pral ranplase sèvis plon nan anviwon 1,000 pwopriyete ane sa a. Avèk 12.7 milyon dola adisyonèl sa a ak pwojè nou deja planifye pou ane pwochèn, nou pral kapab elimine sèvis plon nan plis pase 3,000 kay adisyonèl nan vil la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay bon jan kalite dlo pou bwè a priyorite epi li reponn ak apèl la pou ede Syracuse ogmante kantite sèvis plon n ap ranplase yo."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak Eta New York pou investisman kontinyèl nan ranplase tiyo plon epi asire dlo potab pou tout Nouyòkè yo. Depatman Dlo Vil Albany ap travay pou ranplase tiyo ki kontamine sa yo depi plizyè ane, epi n ap fè gwo pwogrè, men se yon efò ki koute chè. Lajan adisyonèl ki soti nan Eta a pral enpòtan pou asire travay sa a kontinye epi n ap pote dlo potab ki pwòp epi ki san danje pou rezidan nou yo."

**Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare,** "Biwo Dlo Vil Rochester a ap fè pwogrè enpòtan nan ranplasman ak envantè nan liy sèvis plon nou yo, gras ak patenarya solid nou genyen ak patnè federal, eta ak lokal nou yo. Lajan sa yo ki soti nan Eta New York pral asire ke Vil la ka ofri ranplasman gratis nan liy sèvis plon ak asye galvanize soti nan lari rive nan kay moun, sa ki pèmèt nou pouswiv yon delè agresif pou bay dlo potab ki pi an sekirite pou chak rezidan, kèlkeswa kòd postal yo. Gouvènè Hochul te yon defansè depi lontan pou Rochester ak rejyon nou an, epi nou rekonesan pou sipò kontinyèl li."

**Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe te deklare,** "Anons jodi a sou yon pwogram padon prè pou ranplasman liy sèvis plon se yon gwo viktwa pou jistis anviwòmantal. Kounye a, pwopriyete kay sa yo – ki sitiye nan Kominote Defavorize yo epi ki gen pwopriyete yo ki te chaje ak tiyo plon literalman pandan anpil jenerasyon – pa bezwen tou pote fado finansye pou retire yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te etabli presedan enpòtan sa a epi nou fè lwanj pou angajman li anvè sante piblik la."

**Direktè Konsèvasyon Sierra Club Atlantic Chapter, Caitlin Ferrante, te deklare,** "Pa gen okenn nivo ki an sekirite nan ekspozisyon plon. Menm nan nivo ki ba, ekspozisyon plon ka trè danjere pou tout moun, men sitou pou timoun k ap devlope ak fanm ansent yo. Liy sèvis plon (Lead service lines, LSLs) se yon chemen pou ekspozisyon plon ke nou ka fasilman bese. Sierra Club Atlantic Chapter a bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li priyore finansman pou idantifikasyon ak retire LSL yo nan kad efò pou evite kriz dlo ak dezaz sante piblik nan kominote yo atravè Eta New York."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)